

### **BAB III**

## **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

Unggal panalungtikan miboga tujuan sarta fungsi nu tangtu. Pikeun ngahontal tujuan nu dipiharep, diperlukeun hiji métode anu ngungkulan sakabéh pasualan anu patali jeung panalungtikan. Métode panalungtikan mangrupa cara ilmiah pikeun meunangkeun data kalayan udagan jeung mangpaat nu tangtu. Dumasar kana éta hal, kagiatan panalungtikan kudu dumasar kana ciri paélmuan, nya éta rasional, émpiris, jeung sistematis (Sugiyono, 2013, kc 2). Sacara gurat badag métode nu bisa dipaké dina panalungtikan nya éta métode historis, métode deskriptif, jeung métode eksperimental.

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalayan métode deskriptif. Sugiyono (2013, kc. 9) nétélakeun yén métode kualitatif mangrupa métodé panalungtikan anu digunakeun pikeun nalungtik kondisi obyék nu alamiah, panalungtik minangka konci instrumén, téhnik ngumpulkeun data dilakukeun ku cara *triangulasi* (gabungan), analisis data miboga sipat kualitatif, sarta hasil panalungtikan leuwih neueulkeun kana ma'na tibatan *generalisasi*. Anapon anu disebut métode deskriptif nurutkeun Suharsimi Arikunto (2013, kc. 3) nya éta panalungtikan nu boga maksud pikeun nalungtik kaayaan nu hasilna didadarkeun dina wangun laporan panalungtikan. Panalungtik henteu ngarobah, nambahan, atawa ngamanipulasi objék atawa wilayah panalungtikan. Dina ieu kagiatan panalungtikan, panalungtik ngan saukur nempo naon nu karandapan ku objék atawa wilayah nu ditalungtik, tuluy didadarkeun dina wangun laporan panalungtikan kalayan sakumaha ayana.


Dumasar kana pedaran di luhur, métode anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta métode deskriptif kualitatif, pikeun ngaguar sagala hal nu aya patalina jeung panalungtikan, ti mimiti ayana kasang tukang masalah nepi ka bisa ngébréhkeun hasil panalungtikan sangkan udagan utama panalungtikan bisa kahontal. Gambaran dina ieu panalungtikan ngawengku désain panalungtikan, lokasi jeung

sumber data panalungtikan, ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, ngolah data jeung analisis data.

### 3.1 Désain Panalungtikan

Désain panalungtikan mangrupa rarancang panalungtikan anu ngawengku prosés talaah pustaka, observasi, ngumpulkeun data, ngolah data, jeung nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan.

**Bagan 3.1**  
Désain Panalungtikan




## 3.2 Lokasi jeung Sumber Data Panalungtikan

### 3.2.1 Lokasi Panalungtikan

Lokasi nu dijadikeun tempat panalungtikan nya éta Dusun Méréling Désa Cipelang Kecamatan Ujungjaya Kabupatén Sumedang. Désa Cipelang kabagi kana 3 dusun, nya éta Dusun Wisnu, Dusun Méréling jeung Dusun Pasir. Legana Désa Cipelang nya éta 1.173, 252 Ha, kalayan wates wilayahna nya éta:

- wates kulon : Désa Babakan Asem Kecamatan Conggéang
- wates kalér : Désa Sakurjaya
- wates wétan : Désa Ujungjaya
- wates kidul : Désa Karyamukti Kecamatan Tomo

### **Gambar 3.1** Lokasi Panalungtikan



### 3.2.1.1 Kondisi Sosial

#### 1) Penduduk

Jumlah penduduk di Désa Cipelang Kecamatan Ujungjaya Kabupatén Sumedang sajumlah 1.727 jiwa, ngawengku jumlah kepala keluarga aya 663 KK. Leuwih jéntréna bisa katitén tina data ieu di handap.

**Tabél 3.1** Jumlah Penduduk Désa Cipelang taun 2015

No.	Jenis Kelamin	Jumlah
(1)	(2)	(3)
1	Laki – laki	853
2	Perempuan	874
<b>Jumlah</b>		<b>1.727</b>

Sumber: Monografi Désa Cipelang Januari 2015

Nindia Lestari, 2016

*AJÉN BUDAYA DINA SENI AJÉNG DI DÉSA CIPELANG KECAMATAN UJUNGJAYA KABUPATÉN SUMEDANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMA*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

## 2) Pendidikan

Di Désa Cipelang ngan aya dua lembaga pendidikan formal, nya éta PAUD (Pendidikan Anak Usia Dini) jeung SD (Sekolah Dasar). Ditambah ku ayana pendidikan non-formal nya éta TPA anu jumlahna aya hiji. Mayoritas tingkat pendidikan penduduk Désa Cipelang nya éta tamatan SD anu lobana 1.077 urang, sésana lolobana tamatan SMP/SMA/ sederajat, kalayan tingkat pendidikan pangluhurna nya éta S2, aya 2 urang.

**Tabél 3.2** Jumlah Sarana Pendidikan di Désa Cipelang taun 2015

No.	Sarana Pendidikan	Jumlah
(1)	(2)	(3)
1.	PAUD	1
2.	TK	
3.	SD	1
4.	TPA	1
5.	SMP	
6.	SMA	
7.	SMK	
8.	Ibtidaiyah	
9.	Tsanawiyah	
10.	Aliyah	
11.	Diploma	
12.	Universitas	

Sumber: Monografi Désa Cipelang Januari 2015

**Tabél 3.3** Jenjang Pendidikan Masarakat Désa Cipelang

No.	Jenjang Pendidikan	Jumlah
(1)	(2)	(3)
1.	Tamat SD	1.077
2.	Tamat SMP	228
3.	Tamat SMA	83
4.	D-1	4
5.	D-2	5
6.	D-3	6
7.	S-1	22
8.	S-2	2
9.	S-3	-
<b>Jumlah</b>		<b>1.427</b>

Sumber: Monografi Désa Cipelang Januari 2015

Nindia Lestari, 2016

*AJÉN BUDAYA DINA SENI AJÉNG DI DÉSA CIPELANG KECAMATAN UJUNGJAYA KABUPATEN SUMEDANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMA*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

### 3) Agama

Sakabéh masarakat Désa Cipelang ngagem agama Islam. Di ieu désa aya 2 masjid, 1 langgar, jeung 7 mushola. Nalika bada ashar masjid teu weléh pinuh ku barudak nu dialajar ngaji.

Désa Cipelang miboga jadwal pangaosan rutin. Nalika miéling Maulid Nabi Muhammad SAW, unggal dusun gegentén ngayakeun acara pangaosan di masjid sarta diluuhun ku sakabéh warga désa. Dina éta pangaosan téh umumna aya ceramah ti ustad, parasmanan (tumpeng), jeung shalawatan.

**Tabél 3.4** Jumlah Sarana Ibadah di Désa Cipelang taun 2015

No.	Jenis Tempat Ibadah	Jumlah	Lokasi
(1)	(2)	(3)	(4)
1	Masjid	2	3 Dusun
2	Langgar	1	3 Dusun
3	Mushola	7	3 Dusun

Sumber: Monografi Désa Cipelang Januari 2015

### 4) Pakasaban

Pakasaban masarakat Désa Cipelang ngawengku sababaraha widang, tapi lolobana mah jadi patani. Lian tia éta, aya ogé nu pakasabanna salaku PNS, pensiunan, pelajar/mahasiswa, wiraswasta, buruh, jeung dukun kampung. Nurutkeun data monografi Désa Cipelang taun 2015, rupa-rupa pakasaban masarakat Désa Cipelang bisa katitén tina tabél ieu di handap.

**Tabél 3.5** Pakasaban Masarakat Désa Cipelang

No	Pakasaban	Jumlah
(1)	(2)	(3)
1.	PNS	15
2.	Pensiunan	17
3.	Pelajar/mahasiswa	146
4.	Wiraswasta	3
5.	Patani	321
6.	Buruh	239
7.	Dukun kampung	1
<b>Jumlah</b>		<b>742</b>

Nindia Lestari, 2016

*AJÉN BUDAYA DINA SENI AJÉNG DI DÉSA CIPELANG KECAMATAN UJUNGJAYA KABUPATEN SUMEDANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMA*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sumber: Monografi Désa Cipelang Januari 2015

## 5) Basa

Basa anu digunakeun ku masaraka Désa Cipelang pikeun komunikasi dina kahirupan sapopoéna nya éta basa Sunda, tapi nalika acara-acara resmi sakapeung sok maké basa Indonesia.

### 3.2.2 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data panalungtikan mangrupa subjék data anu rék ditalungtik (Arikunto, 2013, kc. 172). Sumber data ngawengku tilu aspék, nya éta jalma (*person*), tempat (*place*), jeung keretas (*paper*).

- 1) Jalma (*person*) nya éta sumber data anu bisa méré data mangrupa jawaban lisan ngaliwatan wawancara atawa jawaban tinulis ngaliwatan angkét.
- 2) Tempat (*place*) nya éta sumber data anu mangrupa tampilan dina kaayaan cicing atawa *gerak*. Kaayaan cicing misal rohangan, kalengkepan alat, wujud barang, warna, jrrd. Sedengkeun kaayaan *gerak* misal aktivitas, *kinerja*, *ritme*, *gerak* tari, kagiatan diajar-ngajar, jrrd. Kaayaan cicing atawa *gerak* mangrupa objék pikeun métode observasi.
- 3) Keretas (*paper*) nya éta sumber data anu ngébréhkeun tanda-tanda mangrupa huruf, angka, gambar, atawa simbol-simbol séjénna.

Dumasar kana pedaran di luhur, sumber data anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta saperti ieu di handap.

- 1) Sumber data anu mangrupa jalma (*person*) nya éta Aan, S.Pd. salaku pimpinan sakaligus ahli waris seni ajéng, seniman-seniman nu ilubiung dina seni ajéng, jeung masarakat Désa Cipelang.
- 2) Sumber data anu mangrupa tempat (*place*) nya éta Dusun Méréléng Désa Cipelang.
- 3) Sumber data anu mangrupa keretas (*paper*) nya éta buku-buku sajarah sarta gambar-gambar ngeunaan seni ajéng.

### 3.3 Ngumpulkeun Data

Nindia Lestari, 2016

**AJÉN BUDAYA DINA SENI AJÉNG DI DÉSA CIPELANG KECAMATAN UJUNGJAYA KABUPATEN SUMEDANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

### 3.3.1 Téknik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah awal dina panalungtikan, sabab udaganana nya éta pikeun meunangkeun data (Sugiyono, 2013, kc. 224). Dina ngumpulkeun data dilaksanakeun ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap .

#### 1) Nataharkeun Instrumén

Instrumén panalungtikan nya éta alat anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun jeung ngolah data, sangkan leuwih gampang dina nyieun hasil panalungtikan. Dina panalungtikan kualitatif, instrumén nu utama nya éta panalungtik. Sanggeus fokus panalungtikan puguh, tuluy dimekarkeun jadi instrumén panalungtikan nu basajan, nu bisa ngalengkepan data sarta dibandingkeun jeung data nu geus kapaluruh ngaliwatan observasi jeung wawancara (Sugiyono, 2013, kc. 223).

#### 2) Observasi

Téhnik observasi nya éta téhnik nu dipaké pikeun ngumpulkeun data sacara langsung kana naon-naon anu katempo jeung karasa di lapangan ngeunan seni ajéng. Dina ngalakukeun observasi tangtuna kudu aya objék anu ditalungtikna. Nurutkeun Spradley (dina Sugiyono, 2013, kc. 229), objék observasi dibagi jadi tilu, nya éta: 1) *place*, tempat lumangsungna kajadian; 2) *actor*, palaku nu miboga peran anu tangtu; jeung 3) *activity*, kagiatan anu dilakukeun ku panalungtik dina kaayaan sosial nu keur lumangsung.

Dina kagiatan observasi, anu bisa dilakukeun ku panalungtik nya éta nyusun patalékan luyu jeung gambaran informasi nu hayang kacangking, nangtukeun sasaran observasi jeung lilana waktu nu diperlukeun nalika observasi, nyieunantisipasi ngeunaan sasaran poko jeung sékundér, sarta patalina antara sasaran nu hiji jeung nu séjénna minangka hiji beungkeutan nu gembheng (Maryaeni, 2005, kc. 68).

#### 3) Wawancara

Téhnik wawancara nya éta cara pikeun meunangkeun data sacara lengkep. Aya tilu wanda wawancara, nyaéta wawancara *terstruktur* (*structured interview*), wawancara *semiterstruktur* (*semistruktur interview*), jeung wawancara *tak berstruktur* (*unstructured interview*). Wawancara anu digunakeun dina ieu

Nindia Lestari, 2016

AJÉN BUDAYA DINA SENI AJÉNG DI DÉSA CIPELANG KECAMATAN UJUNGJAYA KABUPATEN SUMEDANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



panalungtikan nya éta *semi terstruktur (semistruktur interview)*, anu dina ngalaksanakeunana leuwih bébas. Tujuanna pikeun nimukeun masalah sacara leuwih terbuka, nya éta pihak nu diwawancara dipénta pamadegan jeung ide-idenana (Sugiyono, 2013, kc. 233).

Wawancara dina ieu panalungtikan nya éta wawancara ka pihak-pihak anu sacara langsung ancrub dina seni ajéng.

#### 4) Dokuméntasi

Téhnik dokuméntasi nya éta téhnik nu dipaké pikeun ngumpulkeun data tina hasil panalungtikan. Dokuméntasi mangrupa catetan kajadian anu geus lumangsung. Dokumén bisa dina wangun tinulis, gambar, atawa karya-karya monuméntal. Dokuméntasi dina ieu panalungtikan salaku bukti yén panalungtik ngalaksanakeun observasi langsung. Hasilna mangrupa foto jeung video pikeun pangdeudeul data sangkan diolah kalawan jéntré.

### 3.3.2 Instrumén Panalungtikan

Anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta pedoman wawancara, alat rékam, jeung kamera foto.

#### 1) Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara nya éta pedoman atawa cecekelan nu nungtun panalungtik dina ngawawancara narasumber sangkan henteu kaluar jalur tur bisa lumangsung kalayan lancar. Pedoman wawancara nu dipaké dina ieu panalungtikan mangrupa sajumlahing pananya saperti ieu di handap.

Instrumén I:

<b>Data Informan</b>	
1.	Waktu wawancara :
2.	Wasta :
3.	Yuswa :
4.	Jenis Kelamin :
5.	Pakasaban :
6.	Kalungguhan :
7.	Padumukan :

Nindia Lestari, 2016

**AJÉN BUDAYA DINA SENI AJÉNG DI DÉSA CIPELANG KECAMATAN UJUNGJAYA KABUPATEN SUMEDANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

## Instrumén II:

No.	Pananya	
(1)	(2)	
1.	Asal-muasal seni ajéng	1) Naon jeung kumaha anu disebut seni ajéng? 2) Naha ieu kasenian dingaranan ajéng? 3) Ti iraha mimiti dipikawanohna seni ajéng? 4) Saha anu mimiti naratas seni ajéng?
2.	Kamekaran seni ajéng	5) Kumaha kamekaran seni ajéng di Désa Cipelang? 6) Ti iraha seni ajéng maké ibingan? 7) Ti mimiti seni ajéng ngadeg, naha aya parobaha dina waditra jeung lalaguanana?
3.	Alat jeung bahan dina seni ajéng	8) Waditra naon waé anu dipaké dina seni ajéng? 9) Kumaha dangdanan nu ilahar dipaké waktu mintonkeun seni ajéng? 10) Sasajén naon anu kudu disadiakeun saméméh pintonan?
4.	Prak-prakan seni ajéng	11) Iraha jeung di mana seni ajéng dipintonkeun? 12) Seni ajéng dipintonkeun pikeun kapentingan naon? 13) Naha aya ritual husus atawa henteu saméméh minton? 14) Saha waé nu bisa ilubiung dina ieu kasenian? 15) Sabaraha urang palaku seni ajéng? 16) Kumaha prak-prakan seni ajéng téh? 17) Lalaguan naon waé nu dipaké pikeun mirig seni ajéng? 18) Naon sababna éta lagu dipaké?
(1)	(2)	
		19) Naon waé pantrangan waktu magelarkeun seni ajéng? Naon sababna? 20) Naon fungsi seni ajéng pikeun seniman jeung masarakat?

5.	Layang Pangajén	21) Naha seni ajéng kungsi meunang layang pangajén? Naon waé?
6.	Tarékah	22) Kumaha tarékah mageuhan jeung mekarkeun seni ajéng sangkan ieu kasenian leuwih dipikawanoh ku masarakat?

## 2) Alat Rékam

Alat rékam dipaké pikeun ngarékam lumangsungna kagiatan wawancara dina prosés ngumpulkeun data ngeunaan seni ajéng.

## 3) Kaméra Foto

Kaméra foto dipaké pikeun ngadokumentasikeun kagiatan observasi panalungtikan, kagiatan wawancara, sarta pikeun ngadokumentasikeun nu jadi objék panalungtikan, boh prak-prakan pintonanana boh waditra nu dipakéna, sarta sagala hal nu patali jeung seni ajéng.

### 3.3.3 Téhnik Ngolah Data

Data-data nu geus kacangking tuluy diolah dumasar kana téhnik-téhnik nu geus dipedar di luhur. Léngkah-léngkahna ieu di handap.

- 1) Niténan data nu geus dikumpulkeun.
- 2) Nyieun papasingan data hasil panalungtikan nu nuduhkeun asal-muasal seni ajéng, prak-prakan seni ajéng, jeung ajén budaya nu nyangkaruk dina seni ajéng.
- 3) Ngadésripsikeun data nu mangrupa asal-muasal seni ajéng, prak-prakan seni ajéng, jeung ajén budaya nu aya dina seni ajéng, jeung larapna seni ajéng kana bahan pangajaran maca artikel budaya.
- 4) Nyieun kacindekan tina hasil data nu geus kapaluruh.

## 3.4 Analisis Data

Sanggeus data kacangking tina hasil ngumpulkeun data, tuluy diolah dumasar kana léngkah-léngkah nu tangtu. Sacara gurat badag, aya tilu léngkah dina

Nindia Lestari, 2016

*AJÉN BUDAYA DINA SENI AJÉNG DI DÉSA CIPELANG KECAMATAN UJUNGJAYA KABUPATEN SUMEDANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMA*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

nganalisis data, nu ngawengku tatahar, tabulasi, jeung ngalarapkeun data luyu jeung pamarekan panalungtikan (Arikunto, 2013, kc. 278). Sangkan leuwih jéntré baris didadarkeun ieu di handap.

### **1) Tatahar**

Dina kagiatan tatahar aya tilu hal nu kudu dilakukeun, di antarana:

- a) Mariksa ngaran jeung kalengkepan idéntitas narasumber, ieu hal dilakukeun sangkan data nu geus kacangking téh *valid*.
- b) Mariksa kalengkepan data, hartina mariksa eusi instrumén dina ngumpulkeun data, sangkan nalika data aya anu kurang bisa buru-buru ditambahan; jeung
- c) Mariksa rupa-rupa data nu geus kacangking, maksudna bisi aya data nu teu luyu jeung kahayang panalungtik.

### **2) Tabulasi**

Tabulasi nya éta prosés ngahijikeun data anu kapanggih dina prosés panalungtikan. Kagiatan dina tabulasi nya éta:

- a) Ngumpulkeun kabéh data anu kapanggih dina hasil studi pustaka, observasi, wawancara, jeung studi dokuméntasi;
- b) Masing-masingkeun data dumasar gundukanana; jeung
- c) Nyaluyukeun data jeung téhnik analisis anu rék dipaké;

### **3) Ngalarapkeun data luyu jeung pamarekan panalungtikan**

Data-data hasil panalungtikan anu geus kacangking tuluy diolah ngagunakeun rumus-rumus atawa aturan-aturan nu aya, luyu jeung pamarekan panalungtikan. Dina ieu panalungtikan, data diolah dumasar kana pamarekan budaya. Anu dipaluruhna ngeunaan: (1) asal-muasal seni ajéng; (2) prak-prakan seni ajéng; jeung (3) ajén budaya dina seni ajéng.